



Odyans Piblik Vityèl DNREC

PÈMI ARTESIAN POU SANT RECHAJ REJYONAL SUSSEX (Dosye #2025-P-W-0022)

Byenvini. Tout bagay ou dwe wè ki fè pati odyans sa a ap parèt nan fenèt sa a.

Odyo òdinatè: Sèvi ak **meni koneksyon odyo a** pou ouvri oswa fèmen son an.

Odyo Telefòn: Nimewo apèl: 1-408-418-9388

Kòd aksè: 2338 948 3371

Yo pral aksepte kòmantè yo swa ak fòm kòmantè DNREC la, pa imèl, oswa pa lapòs USPS jan sa make sou paj evènman odyans lan (de.gov/dnrehearings)

Entwodiksyon

Konpayi Artesian Wastewater Management, Inc. gen pèmisyon kounye a pou opere ak jere Enstalasyon Rechaj Rejyonal Sussex (Sussex Regional Recharge Facility, SRRF)

Artesian te fè plan pou SRRF mache epi amelyore l nan plizyè etap, pou kapasite tretman an ka ogmante epi pou fonksyònman an vin pi bon

Objektif prezantasyon sa a se pou bay yon apèsi sou sistèm ki egziste deja, aplikasyon pèmi yo, ak pwojè pèmi konstriksyon ak pèmi operasyon pou amelyorasyon Faz 3 yo



Otorizasyon etap pa etap

- Faz 1 la konstwi epi li mache anba pèmi operasyon nimewo 359288-02 (avril 2024)
- Faz 2 la kounye a anba konstriksyon dapre pèmi konstriksyon nimewo 359288-03, epi lè li fin pare, y ap opere li anba pèmi leta nimewo 359288-02 (avril 2024)
- 17 Janvyè 2025
 - DNREC resevwa yon demann pou renouvle pèmi operasyon nimewo 359288-02 (Li te ekspire an mas 2025 epi kounye a li kontinye administrativman)
- 16 me 2025
 - DNREC resevwa yon demann pou konstwi Faz 3
- 6 jen 2025
 - DNREC resevwa yon lèt ki mande pou chanje epi renouvle pèmi operasyon 359288-02 ki bay otorizasyon pou kòmanse faz 3 la lè konstriksyon an fini

Faz 1 Pèmi Konstriksyon ak Fonksyònman

- Yo bay pèmisyon pou bati epi sèvi ak yon gwo basen ki ka kenbe 90 milyon galon dlo. Basen sa a ap gen yon materyèl plastik anndan l, epi l ap la pou resevwa dlo sal yo fin trete ki soti nan izin Allen Harim Foods Harbeson nan. Y ap sere dlo a ladan l anvan yo sèvi avè l pou wouze tè
- Yo bay pèmisyon pou itilize Jaden F ak Jaden G pou wouze ak esprey (apeprè 587 kawo tè)
- Yo otorize pou konstwi epi itilize nan lavni jaden D ak E pou wouze ak esprey (apeprè 181 kawo tè)
- Li gen ladan l plizyè kondisyon pou konstriksyon, pou fè travay yo mache byen, pou kontwole bagay yo, epi pou fè rapò sou yo

Faz 2 Pèmi Konstriksyon ak Fonksyònman

- Yo pèmèt yo bati epi sèvi ak yon machin modèn pou netwaye dlo sal dirèk sou teren an. Machin sa a ka netwaye 625,000 galon dlo sal chak jou ki soti nan kote konpayi Artesian okipe nan Konte Sussex
- Pwojè k ap bati kounye a gen ladan l, yon gwo basen twa milyon galon pou balanse kantite dlo a epi mete dlo ki pa bon yo sou kote, ekipman pou retire gwo fatra, sab, ak ti wòch nan dlo a., yon sistèm tretman ki rele "Hybrid Bardenpho", De (2) filtè ki fèt ak yon twal espesyal, ak yon sistèm ki sèvi ak limyè ultravyolè pou touye mikwòb yo
- Lè dlo a fin pwòp, y ap melanje l ansanm ak dlo ki soti Allen Harim nan, ki pwòp tou. Y ap mete yo nan gwo basen ki te la pou sa a. Apre sa, y ap itilize dlo sa a pou wouze jaden yo te deja otorize nan Premye Faz la
- Li gen ladan l plizyè kondisyon pou konstriksyon, pou fè travay yo mache byen, pou kontwole bagay yo, epi pou fè rapò sou yo

Aplikasyon pou Konstriksyon Faz 3

- Artesian ap fè demann pou yon pèmi konstriksyon pou twazyèm faz travay amelyorasyon yo nan SRRF
- Amelyorasyon yo pwopoze yo ta ogmante kapasite tretman SRRF la pou rive 1.875 milyon galon pa jou.
- Pami amelyorasyon yo prevwa fè yo, ap genyen plis ekipman pou filtre, kat (4) lòt sistèm tretman "Hybrid Bardenpho", plis filtè an twal, ekipman pou dezenfekte ak limyè ultravyolè, ansanm ak ponp ak lòt enfrastrikti ki nesesè
- Chanjman yo pwopoze yo pa pral chanje gwosè tè SRRF la, ki gen apeprè 75 kawo tè
- Amelyorasyon yo pwopoze yo ap sèvi ak menm teknoloji a (tankou nan Faz 2) pou trete dlo sal minisipal ki soti nan zòn kote Artesian bay sèvis dlo nan Konte Sussex
- Amelyorasyon yo pwopoze yo pa chanje limit kapasite SRRF la

Pwopozisyon pou Pèmi Konstriksyon Faz 3

- Yo dwe notifye Depatman an omwen kenz jou anvan konstriksyon an kòmanse
- Tout sistèm yo dwe bati oswa enstale pa yon kontraktè sistèm Klas E.4 ki gen lisans Depatman an
- Depatman an gen dwa fè enspeksyon pandan konstriksyon an ap fèt e lè li fini
- Lè konstriksyon an fini, moun ki gen pèmi a dwe remèt dokiman sa yo:
 - Se yon rapò enspeksyon enjenyè a ki fè konnen yo bati sistèm nan egzakteman jan plan yo ak règleman teknik yo te mande l la
 - Sistèm tretman dlo sal jan li te konstwi
 - Plan Fonksyònman ak Antretyen ki Modifye



Demann pèmi pou fè operasyon

- Artesian ap fè demann pou renouvle ak chanje pèmi operasyon yo. Yo vle kontinye ak jere Sant Rechaj Rejyonal Sussex (Sussex Regional Recharge Facility, SRRF) pou sèvi kòm yon sistèm rejyonal pou trete epi jete dlo ize sou plas. Objektif sistèm sa a se pou satisfè bezwen tretman ak jete dlo sal ki egziste deja ak sa k ap vini nan zòn sèvis AWWI nan Konte Sussex, Delaware
- Artesian vle renouvle otorizasyon pou Faz 1 ak Faz 2, epi bay pèmasyon pou kòmanse Faz 3 apre yo fin fè tout amelyorasyon ki nan Faz 3

Pèmi operasyon yo pwopoze

Limit sou kantite dlo k ap antre

- Allen Harim Foods, LLC (Konpayi manje Allen Harim, LLC)
 - Kantite dlo ki pase chak jou an mwayèn se 1.5 milyon galon, epi kantite maksimòm ki pase chak jou se 2.0 milyon galon (PA GEN CHANJMAN)
 - Yo ajoute yon nouvo kondisyon ki pèmèt ti chanjman nan kouran dlo a, depi pèmi operasyon Allen Harim lan apwouve
- Sistèm tretman dlo ize SRRF
 - Kapasite total SRRF la pou fè tretman ap monte rive nan 1.875 milyon galon (NOUVO)

Limit sou fason pou jete dlo ize

- Teren Awozaj D, E, F, ak G
 - Kapasite sistèm nan fèt pou l elimine: 3.73 milyon galon (PA GEN CHANJMAN!)



Pèmi operasyon yo pwopoze

Kantite Azòt yo prevwa ki pral genyen nan dlo sal y ap jete a

- Sistèm tretman dlo sal Allen Harim (PA GEN CHANJMAN)
 - Yo konstwi SRRF la pou l resevwa yon dlo ize ki gen yon konsantrasyon Azòt Total ki nan nivo 27.7
- Faz 2 sistèm SRRF pou trete dlo sal la (PA GEN CHANJMAN)
 - Sistèm SRRF la fèt pou l rive kenbe nivo Azòt la nan yon mwayèn 10 mg/L chak jou
 - Dlo melanje ki sòti ansanm: 22.5 mg/L
- Faz 3 sistèm tretman dlo ize SRRF (NOUVO)
 - Sistèm SRRF la fèt pou l rive kenbe nivo Azòt la nan yon mwayèn 10 mg/L chak jou
 - Dlo melanje ki sòti ansanm: 17.9 mg/L



Pèmi operasyon yo pwopoze

Toujou kenbe kondisyon sa yo pou jan sistèm nan ap mache ak jan y ap siveye l

- SRRF la dwe fonksyone anba sipèvizyon yon operatè ki gen Lisans Klas IV (4)
- Siveyans dlo ki antre ak dlo ki soti, avèk plan sekou si dlo a pa rive trete jan sa dwe fèt pou Azòt Total, Bakteri Fekal (mikwòb kaka), ak dlo ki twoub. Sa gen ladan l detounen dlo a voye l nan letan rezèv la lè sa nesesè
- Limit kantite Azòt yo ka mete (liv pa kawo tè chak ane)
- Sistèm Amelyore pou Siveye Dlo Anba Tè (34 Pi pou Siveye Dlo, 12 Pyezomèt pou Mezire Presyon Dlo, 7 Lizimèt pou Teste Tè)
- Siveyans dlo ki sou sifas la (7 kote sou rivyè Ingram ak Sowbridge)
- Siveyans tè a avèk tè metal yo fè chak ane
- Siveyans ak analiz plantasyon yo chak ane



Pèmi operasyon yo pwopoze

Kenbe kondisyon sa yo pou fè respekte ak aplike règ yo

- Depoze rapò kontwòl dechaj yo chak mwa ak rapò kontwòl pou ane a
- Avi lè moun pa respekte règleman (fòk yo di sa nan bouch nan espas 24 èdtan epi ekri yon rapò bay nan 5 jou)
- Règ sou fason pou fè konnen lè gen bagay ki koule ak sa pou fè pou ranje sa
- Enspeksyon woutin Depatman an konn fè
- Depi ou pa swiv kondisyon ak limit Pèmi a ba ou, ou vyole lwa 7 Del la C. Chapit 60 epi se yon rezon pou yo fè aplike lwa a, sa ki gen ladan l bay Lòd ak sanksyon



Rezime

- Aplikasyon Depatman a n resevwa
 - Pou Faz 3 konstriksyon ak agrandisman sistèm tretman dlo ize a
 - Pou Chanjman ak Renouvèlman Pèmi Operasyon SRRF la: Pèmi Leta 359288-02
- Si yo apwouve l, Depatman an ap bay yon Pèmi Konstriksyon ak yon pèmi pou fonksyone ki renouvle e ki modifye
- Yo prepare pèmi yo ak tout règ sou fason pou travay, règ pou siveyans, ak plan pou ijans. Yo fè sa pou pwoteje sante tout moun ak anviwònman an

Pyès pou Odyans Piblik la

- Pyès 1: Règleman DNREC pou sou Plas la
- Pyès 2-12: Dosye pou aplikasyon Artesian, Me 2025
- Pyès 13: Vèsyon Pwovizwa Pèmi Konstriksyon DNREC nimewo 359288-04 – pou AWWI
- Pyès 14: Pwopozisyon DNREC pou Chanje Pèmi Operasyon #359288-05 pou Renouvèlman – AWWI
- Pyès 15: Kalandriye Reyinyon Piblik ak Avi pou Odyans Piblik la
- Pyès 16: Paj Evènman pou Odyans Piblik Vityèl la
- Pyès 17: Avi Piblik sou Sit Wèb DNREC la pou Odyans Piblik la

Pyès pou Odyans Piblik la

- Pyès 18: Avi Piblik pou Odyans Piblik la nan Jounal Delaware State News
- Pyès 19: Anons pou Piblik la sou Odyans Piblik nan Jounal News Journal
- Pyès 20: Pèmi Konstriksyon DNREC 359288-03 – AWWMI-SRRF Faz 2
- Pyès 21: Pèmi pou operasyon DNREC nimewo 359288-02 – pou pwojè AWWMI-SRRF Faz 1 ak 2
- Pyès 22: Prezantasyon DNREC



Odyans Piblik Vityèl DNREC

PÈMI ARTESIAN POU SANT RECHAJ REJYONAL SUSSEX (Dosye #2025-P-W-0022)

Mèsi paske ou rejwenn nou. N ap resevwa kòmantè sou zafè sa a jiska 10 Mas 2022.

Ou ka voye kòmantè alekri

pa [fòm komantè DNREC la sou sitwèb sa a](https://dnrec.alpha.delaware.gov/public-hearings/comment-form/) - <https://dnrec.alpha.delaware.gov/public-hearings/comment-form/>

[nan imèl: DNRECHearingComments@delaware.gov](mailto:DNRECHearingComments@delaware.gov)

oswa pa lapòs nan adrès sa a:

Lisa A. Vest, Ofisye Odyans

DNREC – Biwo Sekretè a

89 Kings Highway, Dover, DE 19901

Y'ap pibliye tout pawòl yo nèt, san manke yon mo, lè l vin disponib.

Pou jwenn plis enfòmasyon, chèche paj pou odyans sa a sou paj Odyans Piblik DNREC la nan adrès sa a:

dnrec.alpha.delaware.gov/public-hearings/

